



IGISATA CA VERMONT HEALTH ACCESS

**Porogaramu z'
Amagara y'Abantu
Igitabo mfashanyigisho**



Ibirimwo

Ibirimwo	2
Ikaze kuri Porogaramu Yawe ya Green Mountain.....	4
Amazina ya Porogaramu.....	4
Ikarita Yawe ya Green Mountain Care	4
Magendu, Gupfisha ubusa, no Kurenga amategeko.....	5
Ubuvuzi canke Kukurungika Ahandi.....	5
Uwutanga Ubuvuzi bwa Mbere (PCP)	5
Ubufasha bw’Inyuma y’Amasaha y’Akazi	5
Abahinga	6
Mu Gihe Muganga Wawe Atemera Ubuvuzi bwa Green Mountain Care.....	6
Kwisuzumisha ku Gihe.....	7
Medicaid na muganga Dr. Dynasaur.....	7
Ivyo Porogaramu Yawe Iriha (Serivisi Ushobora Kuronka)	7
Gufatanya kuriha Medicaid.....	7
Udushirikabute.....	8
EPSDT ni iki?.....	8
Ivyo Porogaramu Yawe Itariha.....	9
Kwishurirwa Serivisi muri Medicaid na Dr. Dynasaur Programs.....	10
Impamvu zidasanzwe	10
Uruhusha Rutangura.....	10
Igikoresho Kirambye c’Ubuvuzi (DME).....	10
Imiti n’Uruhusha Rutangura.....	12
Ivyihutirwa kwa muganga	12
Mu gihe Utegerezwa Kwirihira	13
Mu gihe Uhawe Fagitire	13
Mu Gihe Ufise Ubundi Bwishingizi mu Kwivuzi.....	13
Uburenganzira n’Uruhara Rwawe.....	14
Ufise uburenganzira bwo.....	14
Ivyipfuzo vyo Kubaho n’Ingingo z’Intangamarara.....	15
Gutanga Urugingo rw’Umubiri.....	16
Gusangiza Amakuru yawe Umuganga wawe wa Mbere (PCP)	16
Icandiko c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite	16
Porogaramu y’Ubuziranenge	17
Ico wokora mu Gihe Utemeranya n’Ingingo Twafashe.....	17
Intambwe ya Mbere ni ukumenya ico ushaka kunguruzi.	19
Ibindi bibazo woba ufise bijanye na serivisi zijanye n’amagara – ushobora gutanga ikirego..	22

Urashaka Ubufasha?	23
Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care.....	23
Ibiro Bijewe Gukurikirana Ibibazo vy'Ubuvuzi (HCA).....	23
Ayandi Makuru.....	23
Izindi Porogaramu	23
Serivisi za Adult Day	24
Porogaramu Itanga Serivisi z'Imibereho Myiza.....	24
Serivisi Zifasha Abana (CIS)	24
Serivisi Zifasha Abana – Ubufasha bwa Mbere (CIS-EI).....	24
Serivisi Zifasha Abana.....	24
Amavuriro Abana Bakeneye Ubufasha bw'Ubuvuzi bw'Umwihariko (CSHN).....	24
Choices for Care	25
Serivisi zifasha Abafise Ubumuga bwo Kudakura	25
Porogaramu yo Gufasha mu Buryo Bw'Amafaranga.....	25
Ubufasha bw'Umuryango.....	25
Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None	25
Serivisi zirebana n'Uburaro.....	26
Ubuvuzi Bw'Umwihariko	26
Serivisi Z'Umwihariko.....	26
Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont.....	26
Ubuzima bwo mu Mutwe.....	27
Serivisi Z'Abakuze Batarara	27
Serivisi z'Abana, Imiyabaga, n'Imiryango.....	27
Gusubiza mu Buzima Busanzwe no Kuvura.....	27
Serivisi zihutirwa	27
Porogaramu yo Kuvura Ubwonko Bwakomeretse.....	27
Porogaramu y'Abakenyezi, Ingimbi, n'Abana (WIC).....	28
Menya neza! Ukeneye ubufasha bw'ururimi, hamagara 1-800-250-8427.....	28

Gitugutu 2023



VERMONT

**Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na
Green Mountain Care**

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

Ikaze kuri Porogaramu Yawe ya Green Mountain

Igice ca mbere c'iki gitabu mfashanyigisho gifise amakuru rusangi y'iyi porogaramu akoreshwa muri porogaramu zacu zose z'amagara y'abantu. Ibice vya nyuma biraguha amakuru kuri porogaramu wahisemwo.

Nimba utazi neza porogaramu urimwo, canke ukaba ufise ikibazo, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya muri Vermont Health Connect na Green Mountain Care kuri iyi numero 1-800-250-8427. Hamagara hagati yo kuwa Mbere no kuwa Gatanu sa 8:00 zo mu gitondo kugera sa 4:30 z'umugoroba (barafunga mu biruhuko). Iyi numero ushobora kuyisanga kandi inyuma kw'ikarata yawe ya Green Mountain Care.

Green Mountain Care ishishikariza abakozi bayo gutanga serivisi nziza, ibikenewe mu magara y'abantu ku banywanyi bose, kandi ikabuza abaganga kugabanya canke kwanka gutanga ubufasha bukenewe mu magara y'abantu. Green Mountain Care ntizogukumira ishingiye ku bibuzwa na Reta. Ayandi makuru kuri Porogaramu za Green Mountain Care woyabona uhamagaye Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Nimba wipfuzaga guheba ubufasha bwa Green Mountain Care, hamagara Vermont Health Connect n'Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya ca Green Mountain Care kuri 1-800-250-8427. Guheba ubufasha bwawe mu nyandiko, andika imeli kuri:

DCF/Igisata Kijejwe Ubutunzi
ADPC
103 South Main Street
Waterbury, VT 05671-1500

Amazina ya Porogaramu

Medicaid ni porogaramu y'amagara y'abantu b'abana, abavyeyi, abatama, abagendana ubumuga bujuje ibisabwa na porogaramu n'abandi bakuze badafise abana ariko bakaba bujuje ibisabwa. Ubufasha bw'igihe kinini bwa Medicaid buboneka gusa ku bantu bujuje ibisabwa (nk'uko bigengwa n'Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidegemvyo) n'amategeko araba amafaranga umuntu yinjiza.

Muganga Dynasaur atanga ubufasha bwa mitiwere ya Medicaid ku giciro gito canke ku buntu ku bana, abatarakwiza imyaka 19 n'abakenyezi bibungenze.

Ikarita Yawe ya Green Mountain Care

Indangamuntu yawe bazoyikurungikira aho uba. Murasabwa kuvyerekana mu gihe mugiyeye kwivuzi. Niyo hahera ukwezi, kuva uronse iki gitabo mfashanyigisho canke niyo watakaza ikarata yawe, hamagara ku Gisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri iyi numero 1-800-250-8427 hanyuma usabe ko baguha iyindi nshasha. Nimba ufise ubundi bwishingizi mu kwivuzi, ereka umuganga izo karita zompi za mitiwere.



Magendu, Gupfisha ubusa, no Kurenga amategeko

Urwego Rudasanzwe Rujewe Iperereza (SIU) rukora ibishoboka kugira hubahirizwe ingendo yo kuvugisha ukuri muri Porogaramu ya Medicaid kandi igakora n'ibikorwa bijanye no gukumira, gutahura no gutohozwa ivyaha nk'igiturire, isesagurwa ry'umutungo n'ihohoterwa vyakozwe n'umukozi wa Medicaid canke umukiriya. SIU irahumuriza umunyagihugu atanga amatagisi ko amahera akoreshwa bikwiriye ku neza y'amagara n'imibereho myiza y'abakeneye gufashwa.

Iyo wiketse uwutanga serivise ya Medicaid c'uwushaka service ya Medicaid bakoze ubunyonyezi, bononye canke bakubaguye uyu mugambi wa Medicaid, wobishikiriza kubabijejwe aribo the SIU biciye mu nzira zikurikira:

Urubuga ngurukanabumenyi: <https://dvha.vermont.gov/>

Fyonda: Tanga amakuru ku bunyonyezi, kwonona canke kubugurwa kwa Medicaid

Fyonda: Kukibaza c'Ubunyonyezi canke Kwonona

Imeli: ReportMedicaidFraud@vermont.gov

Terefone: 802-241-9210

Aderesi imeli:

Urwego Rujewe Amaperereza Yihariye rwa DVHA

NOB 1 South, 280 State Drive

Waterbury, VT 05671-1010

Fax: 802-871-3090 (fax yihuse ku "Rwego Rujewe Amaperereza Yihariya rwa DVHA")

Ubuwuzi canke Kukurungika Ahandi

Uwutanga Ubuwuzi bwa Mbere (PCP)

Ijambo "primary" risobanura bwa mbere. Umu PCP wawe ni umuntu uhamagara ubwambere mugihe ukeneye ubufasha bwo kwa muganga. Umu PCP wawe niwe azoguha kenshi ubufasha bwo kwa muganga kandi niwe muzokorana mugushiraho isango ryo guhura n'abaganga b'abahinga mugihe uzoba ubakeneye.

Nimba umu PCP wawe ari mushasha kuri wewe, saba umu PCP wawe wakera arungike amakuru yerekeye amagara yawe ku mu PCP mushasha. Hamagara umu PCP wawe mushasha umubwire ko amakuru yerekeye amagara yawe agombe amushikire. Birakenewe cane ko umu PCP agira amakuru yerekeye amagara yawe.

Ubufasha bw'Inyuma y'Amasaha y'Akazi

Gerageza kwegera umu PCP wawe mumasaha y'akazi mugihe ukeneye ubufasha bwo kwa muganga. Nimba ufise ikibazo cihutirwa kijanya n'amagara yawe mugihe ibiro vy'umu PCP wa mbere wawe vyugaye, hamagara numero y'ibiro vya PCP usabe ubufasha canke impanuro.

Iburo vya PCP wawe birafise umukozi akora amasaha 24 iminsi yose kugira agufashe. Soma neza muri iki gitabo mfashanyigisho igice gifise umutwe w'amajambo **Emergencies** kugira umenye vyinshi vyerekeye ubufasha bwihutirwa.



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na
Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

Abahinga

Umuhinga ni umuntu afise ubumenyi bwisumbuye asuzuma ibibazo vyihariye vy'amagara y'abantu. Nk'akarorero, iyo ufise ibibazo vy'umutima, umu PCP wawe aca agufasha gusaba isango ryo kubonana n'umuhinga avura umutima. Ibi bavyita "referral." Akenshi, utegerezwa kuraba umu PCP wawe imbere yo kuja kumuhunga. Umu PCP wawe ashobora kugufasha kuraba nimba ukeneye umuhinga akaca agutoza uwo woja kuraba. Utegerezwa kurungikwa n'umu PCP wawe iyo ushaka kuja kumuhinga atari mu baganga ba Medicaid. Iyo utarungitswe n'umu PCP wawe imbere yo kugenda, ushobora kwishuzwa amafaranga.

Mu Gihe Muganga Wawe Atemera Ubuvuzi bwa Green Mountain Care

Iyo ugiye kuraba umuvuzi atari muri porogaramu yawe, ushobora kubandanya kumwitura kugeza kuminsi 60 inyuma yo kwinjira muri porogaramu. Ibi bishobora gushika mugihe:

- Ufise ingwara idakira, **canke**
- Ufise ingwara ituma ugira ubumuga, **canke**
- Ufise inda irengeje amezi atatu, **hamwe na**
- Uwutanga ubuvuzi yemeye ibiciro hamwe n'ayandi mategeko agenga porogaramu.

Kongera ikiringo kugera ku minsi 60, canke kumenya ibindi bijanye no kurungikwa ku wundi muganga, abatanga ubuvuzi muri porogaramu yacu, hamagara Igisata Cita ku Bakiriya kuri 1-800-250-8427. Ushobora kubona kandi abatanga ubuvuzi bemera ubufasha bwa Green Mountain Care uciye ngaha vtmedicaid.com, hanyuma ufyonde kuri Provider Look-up. Abatanga ubuvuzi banditseko "out of network" bashobora kutemera mitiwere ya Green Mountain.

Uwutanga ubuvuzi uzoja kuraba ategerezwa kwemera ubuvuzi bwa Green Mountain care. Batavyemeye, ntibazohembwa na Green Mountain Care ku buvuzi bazoba baguhaye hanyuma nawe uzoca wirihira. Nimba ufise ubundi bwishingizi bushobora kwishura ubuvuzi bwose canke igice, uwuguha ubuvuzi ategerezwa kwemera ubwo bwishingizi bwose uko ari bubiri.

Mu Gihe Ushaka Ubuvuzi Hanze y'Abakorana na Vermont Medicaid

Dufise abo dukorana benshi harimwo n'abaganga b'abahinga batandukanye. Umuhora wacu washiriweho gukemura ibibazo vyinshi bijanye n'ubuvuzi. Mu bihe bimwe bimwe, uyu muhora wacu hari igihe utabasha gukemura bimwe mu bibazo bidanzwe bijanye n'ubuvuzi. Nimba wumva ukeneye ubuvuzi budasanze udashobora gusanga muri Vermont Medicaid, hamagara umu PCP wawe muganire ico kibazo. Umu PCP wawe ashobora kugusabira uruhusha kugira uhabwe ubuvuzi ku bandi dusanzwe tudakorana mu gihe:

- Ubuvuzi ukeneye ari ngombwa kandi bwishurwa na Vermont Medicaid
- Umuganga wipfuzwa kuja kuraba yemera gukurikiza amategeko yacu
- Dufise ububasha bwo kumenya ko ubuvuzi ukeneye budatangwa mu bo dukorana bose

Kwisuzumisha ku Gihe

Biba vyiza igihe cose gukumira ibibazo vy'amagara mu gihe bitaraza. Bumwe mu buryo bwo gukora ivo ni ukwisuzumisha ku gihe ku mu PCP wawe. Muganga wawe ashobora kugufasha kugena incuro ugomba kuja kwisuzumisha. Baza umuganga wawe wa mbere ibijanye n'incuro ugomba kwisuzumisha ugendeye ku myaka yawe canke izindi mpamvu.



Igisata c'Amagara ca Vermont kirafise impanuro ku bijanye no kwisuzumisha. Ku bindi bisobanuro, hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-800-464-4343, canke uce ku rubuga ngurukanabumenyi kuri www.healthvermont.gov.

Medicaid na muganga Dr. Dynasaur

Ivyo Porogaramu Yawe Iriha (Serivisi Ushobora Kuronka)

- Nyinshi muri porogaramu za Green Mountain Care ziriha umuganga, kuja kuraba umuganga w'umuhinga, kukwitaho kwa muganga, imiti n'ubundi bufasha ariko hisunzwe amategeko. Utegerezwa kuraba umuganga wawe wa mbere imbere y'uko usaba isango umuganga w'umuhinga. Muganga wawe wa mbere aca abaza Aho Batangira Ubuvuzi kugira amenye nimba ubuvuzi ugiye kuronka buzokwishurwa imbere y'uko uhabwa ubwo buvuzi. Nimba ufise ikibazo kuri serivisi itari ku rutonde, hamagara Igisata Kijewe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427. Ubuvuzi bundi busanzwe uronka bidasavye ko uhabwa ibitaro;
- Ubufasha bwihutirwa;
- Kuryama mu bitaro (nko kubarwa canke ukurara wicaye);
- Kwibungenga, kuvyara, no kwita ku mpinja zikivuka (imbere n'inyuma yo kuvuka);
- Ibijanye n'ubuzima bwo mu mutwe cake ikoresheya ry'ibiyovyabwenge, harimwo kuvura indwara zo mu mutwe (Muri ibi harimwo kuganirizwa n'umuganga yavyize);
- Gutanga imiti;
- Ibijanye no kumenyereza umurwaruke n'udukoresho twifashishwa (ubufasha hamwe n'udukoresho vyo guha abakomeretse, abagendana ubumuga, canke izindi ndwara zidakira canke abarwarutse indwara zo mu mutwe n'iz'umubiri);
- Serivisi za raboratwari;
- Serivisi zijanye no kwirinda hamwe no kugira amagara meza no kwitaho indwara zidakira;
- Ubufasha bujanye n'amenyo, amaso, hamwe n'amatwi;
- Ubufasha bujanye n'indwara z'abana; hamwe na
- Kwiyunguruzwa vyo kwa Muganga Ariko Bitihutirwa.

Gufatanya kuriha Medicaid

- Abanyamuryango ba Medicaid bariha \$3 uko bagiye kuraba umuganga w'amenyo.
- Abanyamuryango ba Medicaid bariha \$1, \$2 canke \$3 mu kubandikira imiti.



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

- Abakiriya ba Medicaid bariha \$3 ku munsu ku bitaro iyo bagiye kwivuza ivyoroshe bidasaba kuguma mu bitaro.

Ubufasha bwose butangiwe mu biro biri hanze y'ibitaro bwitwa ubufasha butatangiwe mu bitaro. Baza muganga wawe wa mbere nimba ubufasha ushaka buzokwishuzwa nk'ubwatangiwe hanze y'ibitaro.
Nimba ariko bimeze, uzoraha \$3.

Abana benshi, abagore bibungenze, n'abantu baba mu bigo vy'abageze mu za bukuru ntibariha. Abantu bari muri Porogaramu yo Kuvurwa Indwara ya Kanseri y'Ibere n'iy'Inkondo y'Umura na bo ntibariha.

Ntutegerezwa kuriha ayandi mahera kuri:

- Serivisi zijanye no kwirinda
- Serivisi zijanye no kuvyara ku rugero n'izindi bijanye
- Serivisi zihutirwa
- Serivisi zijanye no guhohoterwa gushingiye ku gitsina

Udushirikabute

Abanywanyi bamwe bamwe ba Dr. Dynasaur bashobora kwishura agashirikabute ka buri kwezi. Agashirikabute kajanye n'uburaro kagenwa hashingiye kuvyo umuryango winjiza, uko umuryango ungana n'ubwoko bwa mitiwere bwo kwivuza bafise. Iyo uronse fagitire yawe ya mbere, biba vyiza uciye uyiraha kugira mitiwere yawe itangure. Bandanya wishura neza ku gihe kugira udatakaza mitiwere yawe. Igihe utakaje fagitire yawe y'agashirikabute, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya umenye ayo uheranye n'ingene uriha.

EPSDT ni iki?

EPSDT ni Medicaid na Dr. Dynasaur ku bana n'abandi batarakwiza imyaka 21. Igerageza gutuma abana bagumana amagara meza uko bishoboka kwose. **EPSDT** mu majambo yose ni Early Periodic Screening Diagnostic Treatment. Itegerezwa rero:

- Kumenya ikibazo hakiri kare, kuva umwana akivuka
- Harimwo kugenderwa n'umuganga kugira asuzume ku buryo buhoraho ku mwanya wumvikanyweho
- Gukoresha ibizami vyo gusuzuma kugira harabwe ingorane yose yoba ihari
- Gukora ibizami vyo gukurikirana mu gihe hari ikibazo cagaragaye hamwe no
- Kuvura indwara yose yoba yabonetse

Uko EPSDT ikora

EPSDT ni itegeko rya Reta. Rivuga ko Reta irihira abakeneye kurusha abandi ubufasha bwo kwa muganga. **Abakeneye cane ubufasha bwo kwa muganga** bisobanuye abarwayi **kandi** ibi nivyo abaganga bakora iyo indwara yabonetse. Iriha amaserivisi menshi kurusha ivyo Medicaid iriha kubantu bakuze. Serivisi zimwe zikeneye kubanza kwemerwa imbere y'uko hatangura igikorwa co kuzemerera.



EPSDT yishura

- Kwisuzumisha kwa buri gihe
- Isuzuma ingene umwana ariko arakura canke ariko ariga
- Ishoti
- Gusuzuma amaso
- Gusuzuma amatwi
- Gusuzuma ibijanye n'ubumara buba muri plomb
- Gusuzuma amenyo
- Kugirwa inama

Ni kangaha umwana agomba gukorerwa isuzuma?

Hari [urutonde rw'ibigomba gusumwa](#) umwana ategerezwa kugira buri mwaka. Hari kandi [urundi rutonde rujanye no gusuma amenyo](#).

EPSDT ntiyishura kuri:

- Serivisi canke ibindi bitari mw'itegeko rya Reta rigenga Medicaid (igice ca 1905(a) c'Itegeko ry'Ubwiteganyirize).
- Ubuvuzi bwo kugerageza butizewe neza canke budakora.
- Serivisi zizimvye cane canke ibikoresho bizimvye mu gihe hari ubundi buryo buzimbutse kandi bwoshobora gukora neza.
- Serivisi zitari izo kwa muganga.

Ku yandi makuru, ja ku rubuga www.dvha.vermont.gov/members canke uhamagare 1-800-250-8427.

Ivyo Porogaramu Yawe Itariha

- Gukomereka biturutse ku kazi bitegerezwa kwishurwa n'umukoresha wawe,
- Serivisi zijanye no kuburana kiretse iyo bifitanye isano n'ivyaho kwa muganga,
- Serivisi zo kugerageza canke zo gutohoza,
- Serivisi zijanye n'ubwiza (serivisi zijanye no guhindura uko usa),
- Serivisi zitari ngombwa mu bijanye n'amagara,
- Ubuvuzi buzwi nka Acupuncture, acupressure, canke ubukoreshwa hifashishijwe gukora masaje,
- Ukuvura ivyerekeye kuvyara (serivisi ituma wibungenga),
- Ubunyamuryango, hamwe
- N'ubuvuzi mu bihugu vyo hanze.

Kwishurirwa Serivisi muri Medicaid na Dr. Dynasaur Programs

Impamvu zidasanzwe

Mu gihe serivisi itishuwe na Medicaid ku bantu bafise kuva ku myaka 21 kuduga, urashobora gusaba ko bakwishurira serivisi. Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kirashobora kugufasha gutanga ubu busabe. Wewe n’umuganga wawe muzosabwa gutanga ubusobanuro Ishami Rijejwe Amagara y’Abantu rya Vermont ku bijanye na serivisi n’impamvu uyishaka. Tuzoguha inyishu dukoresheje imeli mu minsi 30. Serivisi zose za ngombwa zijanye n’amagara zirihwa na EPSDT ku muntu wese ari muni y’imyaka 21. Nimba serivisi itari ku rutonde rw’izishurwa, muganga wawe ashobora kubisaba ko yemerwa abihereye uburenganzira.

Kugira umenye vyinshi kuri iki gice, canke ushaka gutanga impamvu yihariye, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427. Uru rupapuro rwo kuzuza ushobora kurusanga kandi kuri uru rubuga www.dvha.vermont.gov/members/vermont-medicaid-programs/member-information/coverage-exceptions

Uruhusha Rutangura

Green Mountain Care ikorana n’abaganga, abaforoma n’abandi babifitiye ubumenyi kugira hasuzumwe nimba ubufasha uronka bukenewe koko. Hari serivisi zimwe zimwe n’imiti bibanza kwemezwa imbere y’uko ubihabwa. Ibi vyitwa uruhusha rutangura. Abaganga barazi izo serivisi hamwe n’iyo miti kandi bazobanza gusaba uruhusha rwa mbere imbere yo kubiguha.

Ivyemezo ku bijanye n’uruhusha rutangura bifatwa mu minsi itatu mu gihe impapuro zose zasuzumwe. Mwempe wewe n’umuganga muzoronka ikete ribamenyesha icemezo cafashwe. Uruhusha rutangura si ngombwa kuri serivisi zihutirwa.

Igikoresho Kirambye c’Ubuwuzi (DME)

Igikoresho Kirambye c’Ubuwuzi (DME) ni ikintu ushobora gukoresha kugira ugire worohereze amagara yawe kumera neza kurushako. Udukinga tw’abamugaye n’uburiri bwo kwa muganga ni uburorero bwa DME.

Ndafise Medicaid kandi nshaka DME. Noyironka gute?

1. Umuganga wawe azokurungika ku wubishinzwe agusuzume.

- Abasuzuma kenshi ni abaganga bavura ivy’ingingo z’umubiri. Uwusuzuma azogena uko agusuzuma. Utegerezwa kurindira igihe co gusuzumwa mu gihe uwugusuzuma afise akazi kenshi. Utegerezwa kandi kurindira mu gihe uwutanga DME ashaka kugufasha kumenyera ivyo bikoresho. Abatanga DME ni ikigo gitanga ivyo bikoresho.
- *Icyitonderwa:* Nimba DME ushaka ari iyisanzwe, ushobora kudakenera isuzumwa. Muganga wawe avuze ko udakeneye isuzumwa, ja ku ntambwe ya 2.
- Uwujewe gusuzuma niwe azogena ubwoko bwa DME ukeneye hanyuma arungike urupapuro rwo gusuzumwa kwa muganga wawe .

2. Muganga wawe azokwandikira imiti.

- Muganga wawe azotera umukono ku rupapuro rwawe rwo gusuzumirwako hanyuma arungikire uwutanga DME ibindi bikenewe azoba yakwandikiye.

3. Uwutanga DME azosaba Medicaid uruhusha rutangura.

Nimba UDAKENEYE urubusha rutangura, simbira ku ntambwe ya 5.

- Nimba ukeneye uruhusha rutangura kugira uronke DME, uwuyitanga azoha amakuru Medicaid akwerekeye hamwe n'ubwoko bwa DME ushaka. Uruhusha rutangura bisigura ko Medicaid ibanza kuvyemeza imbere y'uko uronka ico gikoresho.
- Uwujejwe kwihweza inyandiko zo kwa muganga azosuzuma impapuro z'amakuru yawe. Uwusuzuma impapuro azofata icemezo nimba koko ukeneye ico gikoresho.
- Uwusuzuma inyandiko ashobora kandi gusaba ayandi makuru kugira yemeze ko vy'ukuri ufise impamvu zituma ukenera ico gikoresho. Nimba uwusuzuma inyandiko akeneye ayandi makuru, Medicaid izosaba uwutanga DME kuyarungika. Uwutanga iyo serivisi ategerezwa kurungika ayo makuru mu minsi 12. Medicaid ironse ayo makuru, uwusuzuma inyandiko ategerezwa gufata icemezo mu masaha 72.
- Mu gihe DME isaba kugusanga Muhira Iwawe, umuganga azogusanga muhira, umunsi wambere uzohabwa DME

4. Medicaid izokurungikira icemezo c'ingingo yafashwe

- Medicaid izokumenyeshya icemezo mw'ikete ryitwa Notice of Decision. Medicaid izorungikira kandi ikete umuganga wawe hamwe n'uwutanga DME. Muri Vermont, Ishami Rijejwe Amagara y'Abantu rya Vermont (DVHA) rikukira Medicaid, rero amakete azoturuka muri DVHA.

5. Uwutanga DME azokuronsa DME.

Mu gihe Medicaid ivyemeje, uwutanga DME azoguha DME canke ayigutumireko.

Mu gihe Medicaid ITAVYEMEJE, urashobora kunguruza usaba ko bohindura iyo ngingo. Mu kunguruza, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427. Medicaid yakoze ibishoboka vyose kugira igabanye igihe bisaba mu kwemeza ubusabe bwa DME muri Vermont. Ku dukingira tw'abamugaye duhambaye, bisaba iminsi 9. Ico ni igihe gito ugereraniye n'igitegekanywa n'amategeko ya Medicaid. Ni gito kandi ugereraniye ku rwego rw'igihugu. Ku bikorwaho bisanzwe, umwanya ni muto cane. Mu gihe ufise Medicaid na Medicare canke ubundi bwishingizi, iki gikorwa gishobora guteba.



Imiti n'Uruhusha Rutangura

Green Mountain Care, co kimwe n'ibindi bigo bitanga mitiwere mu kwivuza, bikora kugira bitange mitiwere nziza kandi ku giciro gito. Kugira igiciro kigume ari gito, Green Mountain Care isaba abatanga ubuvuzi kwandika imiti iri ku rutonde ry'iyikenewe. Imiti imwe iri ku Rutonde rw'Imiti Ikunzwe ni iyo mu bwoko bwa kabiri kandi igura amahera makeya. Ikora co kimwe nk'iyindi miti izimvye imenyekanishwa n'ibigo bikora imiti. Abaganga bategerezwa kwandika imiti hanyuma abadandandaza imiti nabo bategerezwa gutanga iyo izimbutse kandi ikora neza. Mu gihe udashaka iyo miti, porogaramu yawe ya Green Mountain Care ishobora kutakurihira iyo yindi miti uzoba wihitiyemwo.

Imiti ivura ingwara z'igihe kirekire utegerezwa kuza urayironka mu minsi 90. Iyo ni imiti ufata mu buryo buhoraho kugira igufashe kubungabunga amagara yawe. Iterwa n'uko umuntu ameze aha twovuga nk' umuvuduko w amaraso, koresiteroli na diyabeti. Ubwa mbere ufashe iyo miti, bishobora kuba ivy'igihe gito kugira wewe n'umuganga wawe murabe ko uwo muti ukubereye. Ivyo biheze, uzoca uronka imiti y'iminsi 90.

Nimba muganga wawe yiyumviye ko ukeneye umuti utari kuri rwa rutonde canke utaronka imiti y'iminsi 90, ashobora kudasaba uburenganzira tukakurihira uwo muti. Mu gihe wipfuzwa ikopi y'urutonde rw'imiti ikunda gutangwa isaba gutangirwa rimwe mu minsi 90, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya canke urabe [urutonde rw'imiti ikunda gutangwa](#) ku buhinga ngurukanabumenyi.

Ivyihutirwa kwa muganga

Ivyihutirwa ni indwara ya gitorumbuka, canke uko amagara y'umuntu y'umubiri canke yo mumutwe ahindutse bukwi na bukwi afise ibimenyetso wibaza ko bishobora gutera ingorane zikomeye mu gihe utitaweho vyihuse n'abaganga. Utu ni uturorero tw'ivyihutirwa kwa muganga, ariko si utu twonyene:

- Kubabara mu gikiriza
- Igufa ryavunitse
- Kuzengererwa
- Kuva amaraso menshi
- Kugira umuriro mwinshi
- Kubabara cane
- Ibibazo vyo mu mutwe

Serivisi z'inyuma y'ivyihutirwa nazo barazikwishurira kugira bamenye neza ko amagara yawe yasubiye kumera neza.

Serivisi zo kwa muganga uhabwa mu buryo bwihutirwa nko kubarwa, gucishwa mw'iradiyo n'ibindi navyo nyene birarirwa.

Nimba ushaka guhamagara ku kibazo cihutirwa, hamagara 911 canke ugende ku kigo cakira indembe kikwegereye canke ibitaro ako kanya. Ntukeneye kubanza kurungikwa na PCP wawe mu gihe ari ubuvuzi bwihutirwa. Menyesha PCP wawe ivyagushikiye mu gihe ubishoboye.



Nimba ukeneye ubuvuzi bwihutirwa mu gihe uri mu rugendo hanze y'aho Green Mountain Care ikorera, hamagara 911 canke ugende ku gisata cita ku bibazo vyihutirwa kikwegereye. Green Mountain Care niyo yishura ubuvuzi bwihutirwa. Nitwe kandi turiha ubundi buvuzi bukenewe uhabwa inyuma y'ubuvuzi bwihutirwa kugira amagara yawe asubire amere neza.

Mu gihe ubishoboye, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427 kugira utumenyeshe ibijanye n'ubuvuzi bwawe bwihutirwa. Ushobora guhamagara kandi iyo nomero mu gihe baguhaye fagitire y'ubuvuzi baguhaye. Tuzokorana n'umuganga kugira dukurikirane ibisabwa kugira tukwishurire ubwo buvuzi wahawe.

Mu gihe Utegerezwa Kwirihira

Mu gihe utakurikije amategeko ya porogaramu, ushobora kwirihira serivisi. Akarorero aho ivyo bishobora gushika:

- Mu gihe serivisi ikeneye kubanza kuyandikirwa canke kubanza gusabirwa uruhusha rutangura hanyuma ukaba utabikoze imbere yo kuronka iyo serivisi;
- Mu gihe uhise mwo kugenda ku muganga atemera Green Mountain Care; hanyuma
- Umuganga akumenyesheje ko iyo serivisi batayikwishurira hanyuma ugahitamwo kuyihabwa.

Menyesha muganga ko ukoresha mitiwere ya Green Mountain Care. Azokubwira nimba batemera ubwo bwishingizi bwawe.

Kurikiza amategeko agenga porogaramu yawe nimba udashaka guhabwa ama fagitire y'ubuvuzi uhabwa.

Mu gihe Uhawe Fagitire

Mu gihe wakurikije amategeko ya porogaramu yawe, ntutegerezwa guhabwa fagitire kuri serivisi zishurwa na mitiwere yawe, kiretse iyo hari ubundi bufatanywa kuriha ufise. Mu gihe wahawe fagitire, kurikiza izi ntambwe:

- Ugurura iyo fagitire ako kanya,
- Hamagara umuganga umumenyeshe ko ukoresha mitiwere ya Green Mountain Care, hanyuma
- Hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 usabe bagufashe.
- Nturihe iyo fagitire imbere yo guhamagara Igisata Kijejwe kwitaho Abakiriya. Green Mountain Care ishobora kwishura abatanze ubuvuzi gusa. Umaze kwishura serivisi, ntidushobora kugusubiza amafaranga.

Mu Gihe Ufise Ubundi Bwishingizi mu Kwivuza

Mu gihe ufise ubundi bwishingizi bwo kwivuza, utegerezwa gukurikiza amategeko yabwo. Genda ku batanga ubuvuzi bakorana na porogaramu ya mitiwere yawe. Uwuguha ubuvuzi abanza kuguha fagitire y'ubwo bundi bwishingizi. Porogaramu zacu zirashobora kugufasha kuriha ivyo ubwo bundi buwishingizi butariha.



Uburenganzira n'Uruhara Rwawe

Ufise uburenganzira bwo

- Gufatwa neza mu cubahiro n'ubugwaneza,
- Gufatwa mu rufasoni,
- Guhitamwo no guhindura abagaha ubuvuzi,
- Guhabwa ibigenga serivisi za porogaramu yawe hamwe n'abatanga ubuvuzi,
- Guhabwa amakuru akwiye kandi agezweho, ku bijanye n'uko amagara yawe ahagaze mu buryo utahura,
- Kugira uruhara mu gufata ivyemezo biraba amagara yawe, harimwo gusubizwa ibibazo vyawe woba ufise n'uburenganzira bwo kwanka ubuvuzi,
- Gusaba no guhabwa ikopi y'amakuru yawe yo kwa muganga, ushobora gusaba ko ahindurwa mu gihe usanze atariyo,
- Ronka icyumviro kigira kabiri kivuye ku muganga yabinonosoye akorera muri Vermont Medicaid,
- Ganira ivyerekeye porogaramu yawe canke ubuvuzi bwawe (raba urupapuro 20 ku yandi makuru),
- Wibuzwa uburenganzira bwawe mu gukumirwa, gushinyagurizwa canke ibindi bijanye no kwihora
- Saba kwunguruzwa igihe wankiwe serivisi wibaza ko ukeneye. Raba urupapuro rwa 19 ku yandi makuru.

Ufise uruhara rwo kubungabunga amagara yawe mu gukora ibi bikurikira:

- Bwira umuganga ibimenyetso ufise na kahise k'amagara yawe;
- Baza ibibazo mu gihe ukeneye ibisobanuro bihagije canke hari ikintu udatahura;
- Kurikiza uburyo bwo kwivuza mwumvikanyeko n'umuganga wawe;
- Ubahiriza isango canke uhamagare ubimenyeshe mu gihe udashobora kuboneka;
- Soma amategeko agenga porogaramu yawe kugira ukoreshe neza serivisi ushobora guhabwa;
- Raba neza ko warungitswe na PCP wawe (mu gihe bikenewe) imbere yo kuja ku bandi batanga ubuvuzi;
- Riha udushirikabute n'ayandi mahera yo gufatanya kuriha mu gihe bikenewe;
- Hamagara usivye canke uhindure isango mu gihe ubona ko udashobora kuboneka.

Ivyipfuzo vyo Kubaho n’Ingingo z’Intangamarara

Iyi ni impfunyapfunyo y’itegeko ry’Ingingo y’intangamarara rya Vermont (riri mu Mutwe wa 18, Igice ca 231) n’ico bisigura ku mugwayi:

Ingingo z’intangamarara ni amakuru yanditse yerekana uwo ushobora guhitamwo akakubera mu kibanza, umuganga wawe wambere n’ibindi wipfuzwa n’intumbero z’ubuvuzi bwawe. Rushobora kuba urupapuro ruha ububasha uyundi gufata ingingo ku buvuzi bwawe canke urupapuro rwerekana ivyipfuzo vyawe ku magara yawe. Amabwiriza ya mbere y’igihe uyahabwa k’ubuntu.

Umuntu akuze ashobora gukoresha ingingo z’intangamarara kugira ashireho umuntu umwe canke benshi akavuga uwufise uburenganzira bwo gufata ingingo zerekeye amagara mu kibanza cawe. Ushobora kuvuga urugero rw’ububasha uwo muntu afise, ubwoko bw’ubuvuzi ushaka canke udashaka, n’uko ushaka ko ibibazo vyawe bizotorerwa umuti nk’ibijanye n’amaziko. Ingingo z’intangamarara zishobora kandi kugena umuntu umwe canke benshi kugira babe abarinzi nimba bikenewe canke ukerekana abantu utipfuzwa ko bofata ingingo.

Igihe ukwo umeze kudashobora kukwemerera ko ufata ingingo ku buvuzi bwawe, kandi bikaba bitihuta, abavuzi ntibashobora kukuvura imbere y’uko bagageza kuraba ko ufise ingingo z’intangamarara. Abatanga ubuvuzi bazi ko ufise ingingo y’intangamarara bategerezwa amabwirizwa y’umuntu afise uburenganzira bwo gufata ingingo ku buzima bwawe canke bagakurikiza ivyanditswe muri ico ngingo z’intangamarara.

Uwutanga ubuvuzi ashobora kwanka gukurikiza ivyanditswe mu ngingo z’intangamarara bishingiye ko ico ngingo zitubahiriza amategeko. N’ubwo biri uko, mu gihe uwutanga ubuvuzi yanse kuzikurikiza, ategerezwa kubikumenyesha, bishobotse, akamenyesha na wa muntu wagenye ko azofata ingingo ku magara yawe; akagufasha kukurungika ku wundi muganga ashobora kubahiriza ubwo bushake bwawe, akabandanya akuvura kugeza uwundi muganga abonetse kandi akandika mu makuru yawe yo kwa muganga ivyerekeye uko kutumvikana, n’umuti w’ico kibazo.

Uwutanga ubuvuzi wese, ibifasha mu buvuzi, n’ibindi vyifashishwa aho kuba bikwiye gushiraho amategeko akurikirana ko ivyanditswe mu ngingo z’intangamarara z’abarwayi bikurikizwa mu buryo bwubahirije amategeko ya Reta.

Ushobora guhamagara Igisata c’Uruhusha rwo Gukora no Gukingira kuri at 1-800-564-1612 canke uje ku rubuga gutanga ikirego cerekeye umuntu atariko yubahiriza amategeko. Ushobora kurungika ikibazo canditse kuri:

Igisata c’Uruhusha rwo Gukora no Gukingira
103 South Main Street, Ladd Hall
Waterbury, VT 05671

Ushobora kuronka amakuru kw’itegeko rya Reta, ingingo z’intangamarara n’ivyipfuzo vyo kubaho uhamagaye Ishami ry’Imbonezamubano rya Vermont kuri 802-828-2909, canke ugiye ku rubuga rwabo kuri www.vtethicsnetwork.org.



VERMONT

**Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na
Green Mountain Care**

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n’ibindi wipfuzwa.

Umutwe wa 18 uwusanga kuri <http://legislature.vermont.gov/statutes/chapter/18/231>. Ushobora kuronka fomu ushaka canke ayandi makuru ugiye ku mbuga ziri ku rutonde, uvuganye n’umuganga wawe, canke uhamagaye Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiliya.

Gutanga Urugingo rw’Umubiri

Ushobora kuba wipfuza gutanga ingingo zawe z’umubiri igihe witavye Imana. Umugiraneza umwe ashobora gufasha abantu benshi. Ukeneye kumenya vyinshi kuri ibi, hamagara 1-888-ASK-HRSA bagusobanurire ata kiguzi.

Gusangiza Amakuru yawe Umuganga wawe wa Mbere (PCP)

Mu gufasha umu PCP wawe kugira aguhe ubuvuzi ukeneye izina ryawe rigomba kuba ku rutonde tugomba kumuha. Zimwe muri izo ntonde zishobora kuba zerekeye:

- Abarwayi bafise diyabeti kandi bakaba batasuzumwe amaso mu gihe c’umwaka uheze,
- Abagore badaheruka gukorerwa isuzumwa ry’amabere binyuze mu kuyakorako,
- Abana badaherutse gukingirwa,
- Imiti abarwayi bafata kugira bivure ingaruka ziterwa n’ukuvanga imiti itajanye, hamwe na
- Abana bacerewe ku bizamini vyabo vya buri gihe.

Icandiko c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite

Mu gihe mwatoranijwe mu baronka porogaramu zacu, muhabwa ikete ribamenyesha ko mwatoranijwe hamwe na kopi y’Icandiko cacu c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite. Itegeko rya Reta, Itegeko Rigenga Gutunganya Gushasha no Kwiyemeza Ubwishingizi (HIPAA), risaba ko tuguha icandiko. Ico candiko kikumenyesha ivyerekeye uburenganzira bukingira ubuzima bwite bwawe hamwe n’ukwo amakuru yerekeye ubuzima bwawe ashobora gukoreshwa cankegusangizwa. Mu gihe ushaka iyindi kopi y’iryo kete, ushobora guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya ugasaba iyo kopi. Iryo kete ushobora kandi kurironka uciye ku rubuga www.humanservices.vermont.gov/privacy-documents.

Mu gihe wumva ko uburenganzira bwo kugira ibanga ku buzima bwawe bwahonyanzwe, hamagara Umukozi Ajejwe Kubahiriza Uburenganzira bw’Ibanga ry’Ubuzima wa AHS kuri 802-241-2234 canke uje ku rubuga www.humanservices.vermont.gov/policy-legislation/hipaa/hipaa-info-beneficiaries/health-information-complaints/.

Porogaramu y'Ubuziranenge

Green Mountain Care irafise igisata kiraba ubuziranenge bwa serivisi zitangwa kugira imenye neza ko serivisi z'ubuvuzi wahawe n'abaganga canke na porogaramu ya mitiwere yawe zibereye.

Bimwe mu vyo turabirako ko wahawe serivisi nziza ni ibi:

- Ni imiti ingana gute abarwayi bakoresha:
- Ni abanywanyi bangahe baronka ubuvuzi bwo gukinga:
- Ni abanywanyi bangahe bakoresha icumba cakira indembe mu gihe badafise ibibazo vyihutirwa:
- Ni ubuvuzi bunganiki bw'ingingo z'umubiri, bwo mu mutwe abaganga batanga, kandi
- Ni ku ruhe rugero abanywanyi n'abatanga ubuvuzi bashimishwa na porogaramu zacu.

Twashizeho amategeko ngenderwako mu gutanga ubuvuzi bwiza ku ngwara zimwe zimwe zidakira duhamagarira abavuzi gukurikiza kugira tunagure amagara.

Igihe wipfuzaga gutanga icyumviro c'uko twotunganya kundi porogaramu zacu no gukora kugirango zikore neza kuri wewe, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya. Ivyiyumviro vyanyu bizoshirwa mu bushishozi bwacu bw'ubuziranenge.

Ushobora kuronka amakuru ajanye n'akanovera ka serivisi zitangwa n'ibitaro, ibigo vy'abageze muza bukuru, abatanga ubuvuzi mu mihana canke ikopi irimwo ibigenderwako mu gutanga ubuvuzi bwiza uciye kuri uru rubuga

www.dvha.vermont.gov/members/vermont-medicaid-programs/member-information/other-resources canke uhamagaye ku Gisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Ico wokora mu Gihe Utemeranya n'Ingingo Twafashe

Ushobora kwunguruza usaba ko ihindurwa. Ibi bisobanura gusaba uwundi muntu akaraba ikibazo cawe akatubwira nimba hari aho twoba twakoze amakosa. Bandanya usoma kugira umenye vyinshi.

Intambwe ya Mbere ni ukumenya ico ushaka kwunguruza.

- Uri gusaba kwunguruza ubaza nimba woronka canke ukagumana porogaramu za Medicaid/Dr. Dynasuar, VPharm, canke Porogaramu yo Kuzigama ya Medicare? CANKE uriko usaba kwunguruza ingingo ijanye n'agashirikabute?
 - Nimba ari vyo, raba aho muni handitse, "Ico nokora mu gihe ntemera ingingo igena nimba bampitamwo."
- Uri gusaba kwunguruza nimba mitiwere ya Medicaid/Dr. Dynasaur yishura serivisi zawe z'ubuvuzi?
 - Nimba ari uko bimeze, raba ahafise umutwe w'amajambo ugira uti "Ico wokora mu gihe utemera ingingo bagufatiye ku bijanye na serivisi z'ubuvuzi uhabwa."

Ico wokora mu gihe utemera ingingo bagufatiye ku bijanye na serivisi z'ubuvuzi uhabwa.

Ushobora gusaba kwunguruza mu gusaba ko wumvirizwa n'igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. Umukozi ajejwe kwumviriza abantu mu gisata kijejwe



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuzaga.

Serivisi z'Abantu azokwumviriza ikibazo cawe. Bemeza ko Vermont Medicaid yafashe ingingo nyayo.

Ufise iminsi 90 yo gusaba ko wumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. Iminsi 90 itangura guhera ukimenya ingingo wafatiwe ushaka kwunguruza usaba ko ihindurwa.

Hari uburyo 3 bwo gusaba kwumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu:

- Kuri terefone – uhamagaye Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427;
- Ukoreshije ubuhinga ngurukanabumenyi - ja ku rubuga AHS.DVHAHealthCareAppealsTeam@vermont.gov kuri interineti. Usanzwe ufise konti yawe ya VHC, ushobora kubisabira muri iyo konti yawe;
- Wandikiye ikete – kuri:
Igisata kijejwe Serivisi z'Abantu
14-16 Baldwin St., 2nd Floor
Montpelier, VT 05633-4301

Mw'ikete, andika amazina yawe, itariki y'amavuko, na numero yawe ya terefone. Vuga ico ushaka kwunguruza usaba uvuge n'impamvu.

Twarahagaritse Medicaid/Dr yawe. Dynasaur, VPharm canke Porogaramu zo Kuzigama za Medicare yawe? Urashobora kugumana mitiwere yawe mu gihe uriko urumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. Twita ibi “Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe.” (Raba ahafise umutwe w'amajambo ugira uti, **Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe-n'Ibindi Wipfuzwa kumenya – (Ugutorwa n'izindi Serivisi).**

Ibi ubisaba mu minsi 11 kuva ukimenya ingingo wafatiwe canke imbere y'uko ingingo ija mu ngiro, ibikunda gushika bitevye gato. Iminsi 11 itangura kuva Vermont Medicaid ikurungikiye ingingo yafashe. Utegerezwa kubandanya uriha udushiruka ku mwanya mu gihe watanguye ivyo kwunguruza bitari ivyo, mitiwere yawe bwo kwivuzwa burashobora guhagarara. Kugira ubandanye uronka seriisi zijanye n'amagara yawe mu gihe watanguye kwunguruza urubanza, biba vyiza uhamagaye Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Uri kwunguruza usaba ibijanye n'agashirikabute? Utegerezwa kubandanya uriha agashirikabute ku gihe uko kangana imbere y'uko tukurungikira ikete rikumenyeshya ko igitigiri cahindutse. Bitari ivyo, mitiwere yawe bwo kwivuzwa bushobora guhagarara. Tuzogusubiza amahera wariyemurira niyo Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu cavuga ko watsinze.

Ni iki gishika iyo usavuye kwumvirizwa n'igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu?

Vermont Medicaid izosubira isuzume ikibazo cawe imbere y'uko turungika ubusabe bwawe bwo kwumvirizwa n'igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu ku Gisata Kijejwe Kwitaho Serivisi z'Abantu. Dushobora gufata kugeza ku minsi 15 kugira turabe ko ataho twoba twarakoze amakosa. Umwe mu bagize Umugwi w'Iyungururizo mu vy'Amagara azogushikira muvugane ibijanye no kwunguruza kwawe. Dushobora gutorera umuti ikibazo cawe utiriwe uraja mu Gisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu.



Dusanze tudashobora guhindura ingingo twafashe, tuzoca turungika ubusabe bwawe ku Gisata Citaho Serivisi z’abantu. Bazokwandikira ikete. Umukozi ajejwe kwumviriza abantu azoba yafashe ikibazo cawe mu minwe, azotunganya inama kugira amenye amakuru nimba Vermont Medicaid yoba yarakoze amakosa. Biba vyiza mu gihe iyo nama nawe uyigiyemwo. Ushobora kwivugira canke uwundi akakuvugira.

Bifata igihe kingana gute kugira umenye ingingo yafashwe? Igisata kijejwe Serivisi z’Abantu gifata ingingo ku kibazo cawe mu minsi 90, kuva umunsi wungururijeko.

Ushaka ingingo yihuta? Tubwire ko kurindira bizogira ingaruka mbi ku magara yawe canke ku buzima bwawe. Nimba wujuje ibisabwa n’Ikigo ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu kugirango uhabwe ingingo yihuse (yitwa “kwumvirizwa vyihutishijwe n’ikigo ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu”), ingingo izofatwa mu mwanya muto ushoboka nimba ufise mitiwere ya Medicaid kubera ko ufise ubumuga bwo kutabona, ubundi bumuga, canke uri mu myaka 65. Nimba ufise mitiwere ya Medicaid ku yindi mpamvu, ingingo izosohoka mu minsi 7.

Ni iki wokora mu gihe utemera ingingo wafatiwe yerekeye serivisi zijanye n’amagara yawe.

Intambwe ya Mbere ni ukumenya ico ushaka kunguruza.

Iyo kwunguruza ingingo bikorewe imbere, umuntu wo muri Vermont Medicaid atagize uruhara mu ngingo ya mbere azoraba ikibazo cawe hanyuma afate iyindi ngingo. Akenshi na kenshi, utegerezwa kubanza kungururiza imbere, vyanse ukaja mu Gisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu.

Ufise iminsi 60 yo gusaba kwunguruza bikorewe imbere mu kigo. Iminsi 60 itangura kuva umunsi Vermont Medicaid ikwandikiye ikumenyeshya ingingo yafashe. Uwuguha ubuvuzi ashobora kugusabira kwunguruza mu gihe uvyipfuzi.

Hari uburyo 3 bwo gusaba kwunguruza bikorewe mu kigo:

- Kuri terefone- hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898
- Ku buhinga ngurukanabumenyi andika kuri AHS.DVHAHealthCareAppealsTeam@vermont.gov
- Kuri imeli- andika kuri:

Vermont Health Connect na Green Mountain Care
Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya
101 Cherry St., Suite 320
Burlington, VT 05401

Mw’ikete, andika amazina yawe, itariki y’amavuko, na numero yawe ya terefone. Vuga ico wungururije, harimwo na serivisi wasavye hamwe n’ukwo wankiwe kuzironka.

Twoba twarahagaritse serivisi zijanye n’amagara yawe wahora uhabwa? Ushobora kubandanya uhabwa serivisi wahora uhabwa mu gihe watanguye kwunguruza bikorewe imbere. Ibi ushobora kubisaba mu minsi 11, canke imbere y’uko iyo minsi ihera. Iminsi 11



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n’ibindi wipfuzi.

itangura umunsi Vermont Medicaid yakwandikiye ikumenyeshya. Twita ibi “Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe.” (Raba ahafise umutwe w’amajambo ugira uti, **Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe- n’Ibindi Wipfuza kumenya – (Ugutorwa n’izindi Serivisi).**)

Kugira ubandanye uhabwa serivisi, biba vyiza uhamagaye Igisata kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 kugira ubisabe.

Ni iki kiba mu kwunguruza bikorewe imbere mu kigo? Vermont Medicaid izotunganya inama kugira ironke amakuru kubira isubire yihweze neza ingingo yafashe. Biba vyiza witavye iyo nama. Ushobora kwivugira canke uwundi akakuvugira. Uwuguha ubuvuzi arashobora kuvuga canke agatanga amakuru kuri Vermont Medicaid.

Vermont Medicaid itegerezwa kwemeza ubusabe bwawe bwo kwunguruza bikorewe imbere mu minsi 30. Hashobora kwiyongerako iminsi 14 ariko gusa iyo wabisavye mu gihe hiyongeyeko igihe ubona ko hari ico vyogufasha. (Akarorero, umuvuzi wawe akeneye igihe gihagije kugira arungike amakuru, canke ntibikunda ko witabira inama mu gihe cari categekanijwe) Igihe gishoboka bizofata ni iminsi 44 kugira ngo icemezo gifatwe.

Woba wipfuza ko Vermont Medicaid ifata ingingo vyihutirwa kw’iyunguruzwa ryawe? Tubwire ko kurindira bizogira ingaruka mbi ku magara yawe canke ku buzima bwawe. Mu gihe Vermont Medicaid ibonye ko wujuje ibisabwa kugira higwe ku buryo bwihuta ubusabe bwawe bwo kwunguruza arivyo vyitwa (“kwunguruza vyihutishijwe”), uzoronka icemezo mu masaha 72. Vermont Medicaid irashobora kongereza ico kiringo mu gihe ubisavye canke ubona ko hari ico vyogufasha. Umwanya munini ubusabe bumara ni iminsi 17.

Urafise uburenganzira bwo kumenya uko twafashe ingingo ku kibazo cawe.

Urashobora kubona mpapuro, amategeko n’ivyemezo twakoresheje. Urashobora kubona uko twafashe icemezo c’uko ivyo wari wasavye vyari bikenewe mu buryo bwa kiganga. Urashobora kuronka ku buntu amakopi y’izo mpapuro zose. Mu gusaba izo mpapuro, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Ukeneye impanuro zijanye n’amategeko canke ubundi bufasha? Urashobora kuronka ubufasha ku buntu uhawe n’Igisata c’Amategeko ca Vermont. Hamagara Ibiro vyabo Bijewe Gufasha Abarwayi mu Mategeko kuri 1-800-917-7787. CANKE uje ku rubuga rwabo kuri <https://vtlawhelp.org/> kuri interineti. Uzuza urupapuro

Ntiwemera Ingingo zavuye mw’Iyunguruza Ryakorewe Imbere? Ushobora gusaba Kwumvirizwa mu Mburano.

Umukozi ajejwe kwumviriza abantu mu gisata kijejwe Serivisi z’Abantu azokwumviriza ikibazo cawe. Bemeza ko Vermont Medicaid yafashe ingingo nyayo.

Akenshi, ubanza guheza igikorwa co kwunguruza bibkorerwa imbere kugira ubashe gusaba kumvirizwa n’Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu (vyitwa “exhaustion”). Ariko, mu gihe Vermont Medicaid itemeje ubusabe bwawe bw’iyunguruzwa mu gihe cagenywe, urashobora gusaba kumvirizwa n’Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza abantu utarindiye ingingo. Mu gihe twafashe ikiringo kirenga:



- Iminsi 30 yo kwunguruza bikorewe imbere CANKE
- Iminsi 44 igihe wewe canke twebwe twasavye kwongereza umwanya kuko bigufitiye akamaro
- Mu gihe ari ukwunguruza kwa mbere, amasaha 72 CANKE
- Ari ukwunguruzwa vyihutishijwe, iminsi 17 iyo wewe canke twebwe twasavye kwongereza igihe kuko vyokugirira akamaro

Ufise iminsi 120 yo gusaba kwumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. Iminsi 120 itangura uhereye itariki DVHA yakurungikiye ingingo yafashe mw'iyunguruza ryakorewe imbere.

Hari uburyo 2 bwo gusaba kumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu:

- Kuri terefone- hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898 CANKE hamagara Igisata Kijejwe Serivisi Zihabwa Abantu kuri 802-828-2536
- Koresha imeli -andika kuri:

Igisata kijejwe Serivisi z'Abantu
14-16 Baldwin St., 2nd Floor
Montpelier, VT 05633-4301

Mw'ikete, andika amazina yawe, itariki y'amavuko, na numero yawe ya terefone. Vuga ico wungururije, harimwo na serivisi wasavye hamwe n'ukwo wankiwe kuzironka.

Twoba twarahagaritse serivisi zijanye n'amagara yawe wahora uhabwa? Urashobora kuguma uhabwa serivisi z'ubuvuzi mu gihe uri mu gihe co kwumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. ARIKO utegerezwa kubisaba mu minsi 11 kuva uhawe icemezo cavuye mw'iyunguruzwa ryakorewe imbere. Utegerezwa kandi kongera kubisaba nimba waza warasavye Vermont Medicaid kuguma iguha serivisi muri ca gihe wari urindiye icemezo kiva mw'iyunguruzwa ryabereye imbere. Iminsi 11 itangura igihe Vermont Medicaid yakurungikiye icemezo yavuye mw'iyunguruzwa. Twita ibi "Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe." (Raba ahafise umutwe w'amajambo ugira uti, **Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe- n'Ibindi Wipfuza kumenya – (Ugutorwa n'izindi Serivisi).**

Kugira ubandanye uronka serivisi wahora uronka, biba vyiza uhamagaye igisata kijejwe gufasha abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Ni iki gishika iyo usavye kwumvirizwa n'igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu? Uzoronka ikete rivuye mu Gisata Kiraba Serivisi Zihabwa Abantu. Uwujewe kukumviriza azoba afise ikibazo cawe azotegura inama kugira aronke amakuru amufasha kumenya nimba Vermont Medicaid yoba yarakoze amakosa. Biba vyiza iyo nama nawe uyigizemwo uruhara. Ushobora kwivugira canke uwundi akakuvugira. Uwuguha ubuvuzi ashobora kuvugisha canke guha amakuru ku muntu ajejwe kukumviriza.

Bifata igihe kingana gute kugira umenye icemezo cavuye mu kumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu? Igisata Kijejwe Serivisi Zihabwa Abantu nico gifata



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na
Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

ingingo mu minsi 90 kuva umunsi wasabiyeko kumvirizwa bikorewe imbere. Aha NTIDUSHIRAMWO iminsi wafashe usaba kwumvirizwa n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza abantu uhejeje kumenyeshwa ivyavuye mw'iyunguruzwa ryakorewe imbere muri Vermont Medicaid.

Ushaka ingingo yihuta? Tubwire ko kurindira bizogira ingaruka mbi ku magara yawe canke ku buzima bwawe. Mu gihe wujuje ibisabwa kugira uhabwe ingingo yihuse n'igisata ca Reta kijejwe kwumviriza abantu (ivyitwa "ingingo yihutishijwe y'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu"), uzobona iyo ingingo mu minsi 3 y'akazi.

Gukomeza Kuronka ivyo Ugenewe- n'Ibindi Wipfuza kumenya – (Ugutorwa n'izindi Serivisi)

- Nimba warishe serivisi mu mahera yawe, dushobora gusabwa kugusubiza amafaranga watanze mu gihe abajejwe kukumviriza cake iyunguruzwa ryawe babitegetse.
- Mu gihe twakurihiye mu gihe wunguruje ingingo wafatiwe hanyuma ugatsindwa, **ushobora** gusabwa kwishura ikiguzi c'ibintu vyose waronse mu gihe wari ukirindiye ingingo iva mu kwunguruza kwawe.
- Ushobora gusaba guhabwa ivyo ugenewe mu gihe wasabwe kumvirizwa bikorewe imbere canke bikozwe n'Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu.
- Serivisi canke izindi nyungu zijanye n'amagara ntibishobora kubandanya mu gihe kwunguruza bikorewe imbere canke mu Gisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu vyerekeye serivisi canke ubundi buvuzi bwaheze canke bwagabanijwe n'itegeko rya Reta.

Ukeneye impanuro zo mu mategeko canke izindi mpanuro zijanye no kunguruza?

Urashobora kuronka **ubufasha ku buntu** uhawe n'igisata c'amategeko ca Vermont. Hamagara Ibiro vyabo Bijewe Gufasha abarwayi mu Mategeko kuri **1-800-917-7787**. **CANKE** uje ku rubuga rwabo kuri <https://vtlawhelp.org/> kuri interineti. Uzuza uru rupapuro.

Ibindi bibazo woba ufise bijanye na serivisi zijanye n'amagara – ushobora gutanga ikirego

Iki kirego ni mu gihe ufise ikibazo kidashobora kujanwa mw'iyungururizo, nk'ikibanza canke uburyo uwuguha ubuvuzi, akanovera k'ubuvuzi, canke wagiriwe nabi mu burenganzira bwawe. Ushobora gutanga ikirego igihe cose ushaka. Ushobora gutanga ikirego mu guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427

Bigenda gute mu gihe udashimye uburyo ikirego cawe kiriko kirakurikiranwa? Ushobora gusaba ko Ikirego cawe Gisubirwamwo. Umuntu ataho yegamiye azosuzuma ikirego cawe arabe ko cizwe neza. Uzaronka ikete n'ivyavuye mw'isuzuma



Urashaka Ubufasha?

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care kirahari kugira kigufashe. Bashobora kwishura ibibazo vyerekeye porogaramu yawe, bagufashe guhitamwo canke guhindura umu PCP wawe, hanyuma bagufashe no mu gihe ufise ibindi bibazo bijanye n'amagara yawe.

Abakozi b'Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya baboneka kuva isaha zibiri (8:00) zo mu gitondo kugeza isaha 4:30 zo ku mugoroba, kuva kuwa mbere kugeza kuwa gatanu (ukuyemwo iminsi y'ibiruhuko) kuri 1-800-250-8427 canke TDD 1-888-834-7898.

Raporo ihinduka mu minsi 10 kuva habayeho impinduka:

- Impinduka mu mushahara wawe canke mu muryango;
- Impinduka z'aho uba;
- Kuvuka k'umwana canke iyo uzanye uwundi mwana kumurera;
- Impfu; hamwe
- N'ubundi bwishingizi bw'ubuvuzi ushobora kuronka.

Ibiro Bijejwe Gukurikirana Ibibazo vy'Ubuwuzi (HCA)

Ibiro Bijejwe Gukurikirana Ibibazo vy'Ubuwuzi birahari kugira bigufashe mu ngorane zijanye n'amagara yawe canke inyungu zawe. Ibiro bijejwe Gukurikirana Ibibazo vy'Ubuwuzi bishobora kandi kugufasha mu kirego cawe, kwunguruza urubanza no kugufasha kwumvirizwa neza. Urashobora guhamagara ibiro vya HCA kuri 1-800-917-7787.

Ayandi Makuru

Turanezerejwe no guha amakuru abanywanyi bacu yerekeye porogaramu zacu, serivisi zacu n'abatanga ubuvuzi. Mu kongera ku vyanditswe muri iki gitabo mfashanyigisho, ushobora kandi guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 canke www.dvha.vermont.gov ushaka ayandi makuru canke ufise ikibazo.

Izindi Porogaramu

Hari izindi porogaramu na serivisi ziboneka ku bana, abakuze, n'imiryango. Kwiyunguruza uja kuri izi serivisi bishobora gukunda bivanye na porogaramu urimwo. Ku yandi makuru yerekeye kwemererwa kwiyunguruza, hamagara Ikigo Kijejwe Abakiriya. Ayo ma porogaramu amwe amwe afise ibindi bisabwa kugira wemererwe. Igihe ufise ibibazo canke ushaka kumenya ko wemerewe, hamagara nimero ya porogaramu nyezina iri ku rutonde munsu.



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

Serivisi za Adult Day

Serivisi za Adult Day ni umugwi wa serivisi zifasha abo mu za bukuru hamwe n’abashaje bafise ubumuga kuguma bigenga iwabo mu buryo bushoboka. Serivisi za Adult Day zitangirwa ku bigo vy’aho babaye zigatanga imibereho itekanye aho abantu baronka serivisi z’amagara n’imibano myiza. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n’ababa mu Buzima bw’Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-2401 canke uje ku rubuga <https://asd.vermont.gov/services/adult-day-services>.

Porogaramu Itanga Serivisi z’Imibereho Myiza

Iyi porogaramu ifasha abo muza bukuru bamugaye bipfuzza ubufasha bw’umubiri mu bikorwa vya minsi yose mu kubaha imibereho myiza. Abaja muri iyo porogaramu baha akazi, bakigisha, bagacunga, kandi bagashira ku kirangaminsi abo bafasha. Ushaka ayandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru <https://asd.vermont.gov/services/attendant-services-program> n’ababa mu Buzima bw’Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802)-241-2401 canke uje ku rubuga <https://asd.vermont.gov/services/attendant-services-program>.

Serivisi Zifasha Abana (CIS)

CIS ifasha abagore bibungeze canke bibarutse hamwe n’imiryango ifise abana kuva bakivutse kugera ku myaka itandatu. Abagize iyo migwi bafise ubunararibonye mu bikorwa vy’imibano n’ugufasha imiryango; amagara y’abana no kurera abana, iterambere ry’umwana n’ubufasha bw’abana bato, amagara yo mu mutwe y’abana n’imiryango; kwitaho abana; hamwe n’ubundi bunararibonye (uturorero, imirire, kuvura imvugo n’indimi). Ushaka ayandi makuru, hamagara Igisata Kiraba Abana, n’Igisata Kiraba Iterambere ry’Umwana n’Imiryango kuri (802) 241-3110 canke 1-800-649-2642 canke ja ku rubuga <https://dcf.vermont.gov/services/cis>

Serivisi Zifasha Abana – Ubufasha bwa Mbere (CIS-EI)

Iyi ni porogaramu y’umwihariko ku bana bari muni y’imyaka 3 bafise ubumuga canke babaye inzingo. Iha abana, inzoya n’imiryango serivisi z’ubufasha bwa mbere. Ku yandi makuru, ja ku rubuga www.dvha.vermont.gov/members canke uhamagare 1-800-800-4005.

Serivisi Zifasha Abana

Serivisi Zifasha Abana ni serivisi iha ubufasha bugaragara mu Bana Bakeneye Ubufasha Bwihariye Bw’Amagara (CSHN) – ni serivisi ya Medicaid ihari ku bantu bari muni y’imyaka 21 bafise ubumuga buboneka kandi bw’umwanya munini amagara afise ingaruka ku gukura kujanye n’imyaka hamwe n’ubushobozi bwo gukora ibikorwa vyo mu buzima bwa minsi yonse (ADL). Umugambi wa Serivisi Zifasha Abana (CPCS) itanga ubundi bufasha ku mwana. Ushaka ayandi makuru, hamagara 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/personal-care-services>.

Amavuriro Abana Bakeneye Ubufasha bw’Ubuwuzi bw’Umwihariko (CSHN)

Iyi porogaramu itanga serivisi zo gutunganya ubuwuzi no kwitaho abana bakeneye ubuwuzi bw’umwihariko. Zifasha kandi kuriha ubuwuzi butarihwa n’ubwishingizi canke na Muganga

Dynasaur. Hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/family/special-health-needs>.

Choices for Care

Choices for Care ni porogaramu ndende y'ubuvuzi iriha ubuvuzi ikongera igafasha abari mu za bukuru ba Vermont n'abantu bafise ubumuga. Iyo porogaramu ifasha abantu basanzwe bakorera i muhira, mu gutunganya neza aho baba, canke mu kuronka ikigo citaho abo mu za bukuru. Abatanga ubuvuzi ni Ibigyo vy'Abantu Bakuze, Ibigyo Vyitaho Abageze mu za Bukuru, Ibigyo Bifasha Abantu Kubaho, Ibigyo bifashiriza abantu muhira, Ibigyo Bifasha Abantu Bashaje n'Ibindi Bivurira Abantu mu Ngo zabo. Ku yandi makuru, hamagara (802) 241-0294 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/choices-for-care-program>.

Serivisi zifasha Abafise Ubumuga bwo Kudakura

Serivisi zifasha abafise ubumuga bwo kudakura zifasha ko abafise imyaka iyariyo yose bafise ubumuga zo kudakura baguma i muhira n'umuryango wabo. Serivisi zirimo gutunganya urubanza, serivisi z'akazi, imfashanyo y'abanyagihugu, no kuruhuka. Abavuzi bategerezwa kuba ari abatanga serivisi zo gutera imbere canke Amashirahamwe Ya Serivisi yo Hagati y'abantu bitunganiriza serivisi. Ushaka ayandi makuru, hamagara igisata kiraba Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'abandi ba Nyamwigendako (DAIL) kuri (802) 241-0304 canke uje ku rubuga <https://ddsd.vermont.gov/>.

Porogaramu yo Gufasha mu Buryo Bw'Amafaranga

Porogaramu yo ku bushake ishobora gufasha imiryango kuriha amahera y'inyuma y'ubwishingizi bw'abana babo igihe serivisi zasabwe canke zahawe uruhusha imbere biciye kuri Porogaramu y'ubuvuzi ya CSHN. Hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/care-coordination>.

Ubufasha bw'Umuryango

Ubufasha bw'Umuryango ni iy'abantu b'imyaka iyariyo yose bafise ubumuga bwo kudakura kandi babana n'umuryango, canke ni iy'imiryango ibana kandi ifasha umunyamuryango afise ubumuga bwo kudakura. Iyi porogaramu yemeza ko imiryango nk'ababitaho itanga aho baba heza kandi hafasha abana n'abakuze bafise ubumuga bwo kudakura. Amahera ashobora gukoreshwa mw'ibanga ukwo umuryango ubishaka kuma serivisi kandi ifasha umuntu ku gatwe hamwe n'umuryango. Abatanga serivisi ni abatanga serivisi zo kuvura ukudakura (Ibigyo Vyabigenewe). Ku yandi makuru, hamagara Ishami rya Serivisi z'Iterambere ry'Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidgevvyo (DAIL) kuri (802) 241-0304 canke uje ku rubuga <https://ddsd.vermont.gov/flexible-family-funding>.

Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None

Porogaramu y'Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None ni porogaramu ifasha abantu bakoresha ubuhinga bwa none kugira babandanye kubaho canke bakeneye ubufasha



VERMONT

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na
Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuza.

bw'ubuvuzi bw'umwihariko. Ihangiro ni ugufasha mu gukura mu bitaro canke ikindi kigo gifasha kugira baje iwabo hamwe no kurinda kubashira mu bigo vy'umwihariko. Ku yandi makuru ku bantu barenza imyaka 21, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0294 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/adult-high-technology-services>. Porogaramu Ifasha Abana Ikoreshye Ubuhinga bwa None ni iy'abana bakeneye ubufasha bw'umwihariko ku magara yabo ku bantu bari munsu y'umyaka 21. Ushaka ayandi makuru, hamagara 1-(800)-660-4427 or (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/high-tech-nursing>.

Serivisi zirebana n'Uburaro

Porogaramu ya Vermont Ijejwe Uburaro ifasha abantu bafise imyaka 18 n'iyirenga kandi bafise ubumuga bukeneye ubufasha bujanye n'ivyankenerwa canke ibikenewe mu nzu kugira babeho neza. Serivisi zirimwo kugura, gukoropa, no kumesa. Serivisi zifasha abantu kuba iwabo mu mwidgemvyo mu buzima bwiza kandi butekanye. Abazitanga ni Ibigo Vyitaho Amagara y'Abari mu Ngo. Ushaka ayandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0294 canke uje ku rubuga <https://asd.vermont.gov/tags/homemaker>.

Ubuuvuzi Bw'Umwihariko

Ubu ni uburi mu bisata vyose, ubuvuzi bw'abana, butunganywa na canke bukorwa n'abakora mu buvuzi n'imibereho myiza y'abanyagihugu, bikaba bitanga sisitemu yagutse, yitaho imiryango, itunganyijwe neza y'ubuvuzi bwihuse. Ubu buvuzi bwihariye mu Kuvura Imitima; kudakura kw'umwana; Craniofacial/Cleft Lip na Palate; Cystic Fibrosis; Intandara; Ukuboko; Ingwara ya Rubagimpande, Metabolic; Myelomeningocele; Ingwara y'Imitsi, Amagufa, Rhizotomy, hamwe n'izindi ngwara. Hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-464-4343 canke (802)-863-7200 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov>

Serivisi Z'Umwihariko

Abaforoma canke abakora mu mibereho myiza ba CSHN bari mu biro vy'akararere mu Gisata C'Amagara mu ntara bafasha mu gutanga no gutunganya ubuvuzi bw'umwihariko butahari biciye mu buvuzi bwihuse bwa CSHN. Hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-464-4343 canke (802)-863-7200 canke uje ku rubuga www.healthvermont.gov.

Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont

Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont (VTEHDI) itanga ubufasha, gutegura inyigisho hamwe no kwitaho abandi ku miryango n'impinja zabo, n'abakozi b'aho babaye. Uku gufatanya gufasha kurungika ku gihe abipfuzwa kwipimisha hamwe na serivisi zo gufasha kare. Ku yandi makuru kuri izi porogaramu, hamagara 1-(800)-537-0076 canke (802)-651-1872 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/family/health-care/hearing-health>.



Ubuzima bwo mu Mutwe

Reta ya Vermont ikorana n'ibigo vyabigenewe muri reta mu gutanga serivisi z'ubuzima bwo mu mutwe ku bantu n'imiryango ifise ingorane z'umubabaro urenze urugero, ingwara zo mu mutwe, canke ingorane z'imyitwarire ishobora kugira ingaruka mbi ku buzima bwabo. Serivisi zihinduka kuva ku kigo kugera ku kindi, ariko porogaramu zose zihari ku bigo vyose vyabigenewe. Abahuzabikorwa kuri buri rubuga bakorana n'abantu kugira bamenye porogaramu na serivisi zihari kugira bashobore guha ivyo umuntu wese akeneye. Vyongeye, ibigo vyabigenewe bitanga kugera kuri serivisi zikenewe muri reta kugira batange ubuvuzi bubandanya, bwihuta canke bukorerwa mu bitanda bisubirira ibitaro, hamwe n'ubuvuzi bwo mu bitaro. Guhamagara Igisata Kiraba Amagara yo mu Mutwe, hamagara (802) 241-0090 canke uje ku rubuga <https://mentalhealth.vermont.gov/>.

Serivisi Z'Abakuze Batarara

Iyi porogaramu ita serivisi zihinduka bitewe n'ikigo, kandi n'intonde zo kurindira zikunda kuba zihari. Serivisi zishobora kubamwo gusuzuma, kugira inama, kuvura, gukurikirana, hamwe na serivisi ku bantu bafise imyaka mirongo itandatu n'iyirenga bakeneye ubufasha bwo kuvura ingwara zo mu mutwe. Serivise zimwe zimwe zihari biciye ku batanga ubuvuzi bikorerwa, kandi abantu bamwe bamwe bashobora gutwarwa n'abandi kuri bo.

Serivisi z'Abana, Imiyabaga, n'Imiryango

Iyi porogaramu itanga serivisi z'ubuvuzi kandi zifasha imiryango kugira abana n'imiyabaga bafise ingorane z'amagara yo mu mutwe bashobore kubaho, kwiga, no gukura bafise amagara meza kw'ishure ryabo, n'aho babaye. Izo serivisi zirimo gupima, serivisi zo kwirinda, ubufasha bw'abanyagihugu, kuvura, kugira inama, no gutorera inyishu ibihe bitoroshe.

Gusubiza mu Buzima Busanzwe no Kuvura

Iyi porogaramu itanga serivisi zo kuvura ingwara zo mu mutwe z'aho babay kugira bafashe abantu kubaho mu bwigenge bukwiye aho babaye mu miryango, abagenzi, hamwe n'ababanyi. Serivisi za CRT yuzuye ziboneka gusa ku bari mu za bukuru bafise ingwara zo mu mutwe zikomeye kandi zibandanya zapimwe neza bujuje n'ibindi bisabwa harimo ukwo serivisi zikoreshwa na kahise k'ibitaro, ukwo ubumuga bumeze, hamwe n'ubumuga butagenda neza.

Serivisi zihutirwa

Iyi porogaramu itanga serivisi zitaho ingwara zo mu mutwe amasaha mirongo ibiri n'ane ku muni, iminsi indwi mw'iyanga ku bantu, amashirahamwe, n'aho babaye. Serivisi zikenewe zihuta zishobora kuba zirimo ubufasha bwa terefone, gusuzuma imbonankubone, kurungika, no kuvura.

Porogaramu yo Kuvura Ubwonko Bwakomeretse

Iyi porogaramu ifasha abafise kuva ku myaka 16 ba Vermonters bafise igikomere kigereranye canke gikomenye co ku bwonko. Imenyereza canke ikavana abantu mu bitaro canke mu mavuriro ikabashira aho abandi babaye. Iyi ni porogaramu yo gusubiza mu buzima busanzwe, yo guhitamwo ifise intumbero yo gufata mu mugongo abantu kugira bagere ku bwigenge nyabwo yongere ibafashe gusubira ku kazi. Ushaka ayandi makuru, hamagara



Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidgegemyo (DAIL) kuri (802) 241-0294 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/tbi-program>.

Porogaramu y'Abakenyezi, Ingimbi, n'Abana (WIC)

WIC ni porogaramu y'ingaburo itanga imfungurwa zitandukanye, yigisha ivy'ingaburo, gufasha kwonsa ku bantu bibungenze, canke baronse uruhinja, hamwe n'impinja canke abana kugera ku myaka 5. Umwe wese muri Medicaid yemerewe muri porogaramu ya WIC. Ku yandi makuru no gusaba kwiyandikisha kuri WIC ku murongo ngurukanabumenyi, ja kuri www.healthvermont.gov/family/wic canke wandike amajambo VTWIC kuri 855-11.

Amakuru yerekeye ivya nkenerwa aho uba ashobora kuboneka kuri www.vermont211.org.

Menya neza! Ukeneye ubufasha bw'ururimi, hamagara 1-800-250-8427

انتباه! إذا كنت بحاجة إلى مساعدة بلغتك ، فيرجى الاتصال على 1-800-250-8427

Pažnja! Ako vam je potrebna pomoć na vašem jeziku, pozovite 1-800-250-8427

သတိပြုရန်! မိတ်ဆွေသည် သင့်ဘာသာစကားဖြင့် အကူအညီ လိုပါက၊
ကျေးဇူးပြုပြီး 1-800-250-8427 ကိုခေါ်ပါ။

توجه! اگر شما نیاز به کمک در زبان خود، لطفاً با شماره تلفن 1-800-250-8427

Attention! Si vous avez besoin d'assistance dans votre langue, appelez le 1-800-250-8427

Nurabe maso! Niba ukeneye ubufasha mu rurimi rwawe, wahamagara kuri 1-800-250-8427

ध्यान! यदि तपाईंलाई आफ्नो भाषामा मद्दत चाहिन्छ भने, कृपया 1-800-250-8427 मा कल गर्नुहोस्

پاملرنه! که تاسو په خپله ژبه کې مرستې ته اړتیا لرئ، مهرباني وکړئ 1-800-250-8427 ته زنگ ووهئ

Ogow! Haddii aad u baahan tahay in lagugu caawiyo luqaddada, fadlan wac 1-800-250-8427

¡Atención! Si necesita ayuda en su idioma, por favor llame al 1-800-250-8427

Muhimu! Kama wahitaji usaidizi kwa lugha yako, tafadhali piga simu 1-800-250-8427

Uvaha! Yakshcho vam potribna dopomoha vashoyu movoyu, telefonuyte za nomerom 1-800-250-8427



Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Ibibazo: Hamagara 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Ushobora kandi kuronka uwugusigurira mu rundi rurimi agakora n'ibindi wipfuzza.